



Pou Piblikasyon Imedya: 18/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 1.5 MILYA DOLA NAN FINANSMAN
POU TRAVAYÈ KI SIPÒTE DIRÈKTEMAN SILA YO KI GEN ANDIKAP
DEVLOPMANTAL**

Estrateji rekritman alontèm yo pral ede abòde pwoblèm mank mendèv la

*Ankourajman pou retansyon yo pral bay pou travayè sipò dirèk yo, avèk bonis
sipleman tè pou pèsònèl ki pran vaksen COVID-19 la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo New York pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral yo pral bay plis pase 1.5 milya dola nan finansman inik Lwa sou Plan Sovtaj Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) an pou sipòte efò rekritman yo, ankourajman pou retansyon ak bonis vaksinasyon pou pwofesyonèl sipò dirèk yo ki bay sipò pou moun ki gen andikap devlopmantral nan efò pou abòde pwoblèm mank mendèv nan domèn sa a.

"Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo te bay sipò esansyèl pou moun ki gen andikap devlopmantral pandan pandemi an lè nou te plis bezwen yo, malgre risk pou tèt yo ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou dwe travayè sa yo yon dèt gratitud epi finansman Plan Sovtaj Ameriken an ouvri wout pou biznis, ankourajman ak ogmantasyon inik peman pou ede sila yo ki travay di, ki lwayal ak travayè devwe yo k ap fè sa yo pi renmen, ki sipòte moun ki gen andikap devlopmantral".

Eta New York te soumèt [pwojè plan depans](#) inisyal li bay Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare and Medicaid Services, CMS) yo pou finansman federal ki ogmante ke Lwa sou Plan Sovtaj Ameriken 2021 an te bay nan 8 jiyè 2021. CMS te bay apwobasyon pasyèl plan an nan jan sa gen rapò ak mendèv la.

Jan sa apwouve, plan OPWDD a sible pifò finansman pou inisyativ mendèv yo, sa gen ladan peman pou bay bonis pou DSP (Pwofesyonèl Sipò Dirèk) yo ak founisè swen pou fanmi yo. Plan OPWDD pou envesti finansman inik ARPA a nan amelyorasyon mendèv ak ankourajman yo gen ladan:

- Yon "Fon pou Ewo" pral bay peman ankourajman pou DSP sa yo ki te travay pandan pandemi san presedan an avèk peman sipleman tè pou sila yo ki te resevwa vaksen COVID.

- Bonis pou retansyon ak lonjevite yo pral fè investisman siplemantè nan mendèv la selon lonjevite rekonpans ak bay bonis siplemantè pou pèsonèl ki rete nan mendèv DSP a.
- Estrateji rekritman ak retansyon alontèm ki pral elabore ak teste avèk finansman pou pwojè yo ki abòde establi alontèm mendèv la. Finansman an pral disponib pou ankouraje akreditasyon ak lòt estrateji ki devlope kapasite ak konpetans mendèv DSP ak sipèvizè ki nan avangad yo.

Komisè Pwovizwa nan Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD) nan New York, Kerri E. Neifeld, te deklare, "Pwofesyonèl sipò dirèk yo bay sèvis esansyèl pou moun ki gen andikap devlopmanal yo pou yo kapab mennen lavi ki anrichisan ak gratifyan ke yo chwazi yo. Yo se poto mitan sistèm nou an epi yo te vini travay avèk kouraj pandan pandemi an pou pran swen ak sipòte kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo. Malgre travay la lou nan nivo emosyonèl ak fizik, sipò dirèk se yon travay lanmou pou moun ki te chwazi karyè sa a. Kòm komisè, mwen kontan kapab fè investisman enpòtan nan mendèv sipò dirèk la atravè Lwa sou Plan Sovtaj Ameriken an epi mwen pa ka tann pou kontinye pou sipòte mendèv vital sa a".

Senatè John W. Mannion, te deklare, "Garanti finansman federal vital sa a ak oryante li nan sans byennèt yon mendèv neglije ak diminye se yon gwo siyal Gouvènè Kathy Hochul ke Eta New York angaje pou simonte kriz pèsonèl la. Tout sistèm livrezon swen nan andikap devlopmanal yo konstwi sou travay Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo reyalize. Nou kapab montre remèsiman ak apresyasyon nou pou travay vital, atansyon ak konpatisan yo nan bay yon salè desan ak rekrite plis moun nan domèn lan. Investisman sa a pral ede kòmanse abòde pwoblèm mank mendèv ekstrèm epi ap finalman mennen nan pi bon sèvis pou plizyè dizèn milye Nouyòkè ki gen yon andikap entèlektyèl oswa devlopmanal ak pou fanmi yo".

Manm Asanble Thomas Abinanti te deklare, "Mank pwofesyonèl sipò dirèk yo te kreye yon kriz pou moun ki gen andikap yo ki pa kapab siviv san yo menm -- manadjè yo kounye a ap fè travay yo sipoze sipèvizè epi pwogram yo ap fèmen. Mwen aplodi aksyon dirèk Gouvènè Hochul pou fè fas ak efò rekritman ak retansyon ijans ak demaraj rapid avèk finansman ekstraòdinè".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Alyans pou Enklizyon ak Inovasyon New York la, Michael Seereiter, te deklare, "Resous sa yo kòmanse ede sispann soti Pwofesyonèl Sipò Dirèk yo nan domèn lan nan rekonèt DSP pou travay ekstraòdinè yo te fè - men espesyalman sila ke DSP yo te demontre pandan pandemi an, sakrifye literalman pwòp sante yo ak byennèt yo pou pa moun ki gen andikap ke yo bay sipò yo. Angajman sa a reprezante yon nouvo pèspektiv vivifyan nan priyorite gouvènmanal yo epi sèvi kòm yon peman debaz pou leve pwofesyon DSP a, pandan DSP yo ap ede leve Nouyòkè ki gen andikap yo pou yo vin tout sa yo ta kapab ye".

Direktè Egzekitif The Arc New York, Erik Geizer, te deklare, "Mendèv esansyèl nou an se baz sipò ak sèvis pou Nouyòkè yo ki gen andikap entèlektyèl ak devlopmanal,

epi fon sa yo reprezante premye etap nan sa nou espere k ap tounen yon investisman dirab nan mendèv nou an. Nou kontan anpil tandè anilasyon an te apwouve, epi nou rekonesan pou lidèchip eta a dèske yo asire fon yo prale pou abòde bezwen ki pi esansyèl nou yo".

Nan moman sa a, dekèsman sa yo sèlman disponib pou founisè swen fanmi ak travayè sipò dirèk yo ke founisè sèvis volontè yon anboche, sa gen ladan pèsònèl ki founi sèvis nan kad pwogram oto-gide a. Diskisyon yo ankou konsènan travayè sipò dirèk ki anboche yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)